# BOLAJAQ MUǴALLIMLERDIŃ DÓRETIWSHILIK QÁBILETLERIN RAWAJLANDIRIWǴA KOMPETENTLILIK JAǴINAN QATNAS JASAW

**Reymova Gulayim Sarsenbayevna**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń 2-kurs magistrantı*
*(Qaraqalpaqstan Respublikası, Nókis qalası)*

**Annotaciya:** *Maqalada dinamikalıq sociallıq hám texnologiyalıq ózgerisler sharayatında keleshek oqıtıwshısınıń dóretiwshilik tulǵasın qáliplestiriw ushın oqıtıwshınıń dóretiwshilik uqıplılıǵınıń áhmiyeti qarap shıǵıladı. Ilimiy ádebiyatlardı analizlew tiykarında pedagogikalıq dóretiwshiliktiń tiykarǵı komponentleri: metodikalıq dóretiwshilik, kommunikativlik dóretiwshilik, oqıw processin shólkemlestiriwdegi dóretiwshilik hám dóretiwshilik óz-ózin tárbiyalaw sıyaqlılar ajıratıp kórsetilgen. Keltirilgen komponentlerdiń hárbiriniń anıq kórinisleri hám olardıń pedagogtıń kásiplik tárepten qáliplesiwindegi roli táriyiplengen. Zamanagóy izertlewshilerdiń oqıtıwshınıń dóretiwshilik kompetenciyaların klassifikaciyalawǵa bolǵan kózqarasları analizlengen; olar tárepinen ajıratıp kórsetilgen uqıplılıqlar — analitikalıq kónlikpeler, alternativ sheshimlerdi izlew, ǵárezsiz baslamashıl iskerlik, anıq emes jaǵdaylarda háreket etiwge tayarlıq hám kommunikativlik kompetentlilik ulıwmalastırılǵan. Pedagogikalıq joqarı oqıw orınları studentleriniń dóretiwshilik potencialın nátiyjeli rawajlandırıwǵa oqıtıwshılardıń pánniń ózine tán ózgesheligin esapqa alǵan halda oqıtıwdıń hár qıylı forma hám usılların qollanıp alıp baratın maqsetli hám sistemalı iskerligi arqalı erisiliwi kórsetip ótilgen. Innovaciyalıq sheshimlerdi payda eta alatuǵın hám bilim alıwshılardıń hár tárepleme rawajlanıwın támiyinley alatuǵın pedagoglardı qáliplestiriwdiń shárti sıpatında dóretiwshilik uqıplılıqların rawajlandırıwdı barlıq oqıw pánlerine integraciyalaw zárúrligi haqqında juwmaq shıǵarılǵan.*

**Gilt sózler:** *pedagogikalıq dóretiwshilik; dóretiwshilik uqıplılıqlar; metodikalıq dóretiwshilik; kommunikativlik kompetentlik; dóretiwshilik ózin-ózi tárbiyalaw; pedagogtıń kásiplik qáliplesiwi; oqıtıwdıń innovaciyalıq usılları; studentlerdiń rawajlanıwı.*

Házirgi jámiyetke tán bolǵan jedel sociallıq hám texnologiyalıq transformaciyalar sharayatında pedagoglar bilimlendiriw processin jańa reallıqlarǵa sáykes túrde nátiyjeli qayta qurıw hám de turmıstıń barlıq tarawlarında dóretiwshilik belsendilikke baǵdarlanǵan, anıq kózge taslanatuǵın izleniwshańlıǵı, iykemliligi hám sınshıl pikirlewi menen ajıralıp turatuǵın oqıwshı shaxsın qáliplestiriwdi támiyinlew ushın joqarı dárejedegi dóretiwshilik pikirlewge iye bolıwı kerek. Kompleksli wazıypalardı sheshe alatuǵın hám innovaciyalıq ideyalardı payda ete alatuǵın dóretiwshi shaxstıń qáliplesiwinde dóretiwshilik potencialǵa iye pedagog tiykarǵı buwın bolıp tabıladı. Sonlıqtan, studenttiń — bolajaq muǵallimniń dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıw kórkem óner, ilim yamasa basqa da kásiplik tarawda jańa hám original nárselerdi jarata alatuǵın shaxstı qáliplestiriwdiń ápiwayı bir qálewi ǵana emes, al zárúrli shárti bolıp esaplanadı.

Pedagogtıń kásiplik jaqtan qáliplesiwi kontekstinde dóretiwshilik qábiletler bilimlendiriw iskerliginiń nátiyjeliligin asırıwda sheshiwshi funkciyanı atqaradı. Olar

muǵallimlerge oqıtıwdıń innovaciyalıq metodikaların islep shıǵıwǵa, ózgeriwsheń sharayatlarǵa iykemli juwap qaytarıwǵa hám oqıwshılardıń hár tárepleme rawajlanıwın támiyinlewge imkaniyat beredi.

Muǵallimniń dóretiwshilik qábiletleri júzege shıǵatuǵın taraw — pedagogikalıq dóretiwshiliktiń hár qıylı kórinislerine baǵıshlanǵan ilimiy ádebiyatlardı analizlew pedagogtıń dóretiwshi shaxs sıpatında kásiplik jaqtan qáliplesiwin belgileytuǵın pedagogikalıq dóretiwshiliktiń tiykarǵı komponentlerin ajıratıp kórsetiwge múmkinshilik berdi: metodikalıq dóretiwshilik, kommunikativlik dóretiwshilik, oqıw processin shólkemlestiriwdegi dóretiwshilik hám dóretiwshilik ózin-ózi tárbiyalaw.

Metodikalıq dóretiwshilik pedagogtıń pedagogikalıq jaǵdaylardı analizlew, innovaciyalıq metodikalıq modellerdi tańlaw hám joybarlaw, oqıw-metodikalıq materiallardı islep shıǵıw hám tárbiyalıq-bilimlendiriw iskerliginiń mazmunın maqsetli túrde qáliplestiriw qábiletinde kórinedi. Kommunikativlik dóretiwshilik oqıwshılar, olardıń shańaraqları hám kásiplesleri menen nátiyjeli óz-ara qatnastı shólkemlestiriwdi, sonıń ishinde, ózin-ózi basqarıw hám hár qıylı kásiplik kommunikativlik kontekstlerge beyimlesiw uqıplılıǵın támiyinleydi. Oqıw processin shólkemlestiriwdegi dóretiwshilik oqıtıwdıń standart emes usılların qollanıw, oqıwshılardıń talaplarına sáykes pedagogikalıq tásirlerdi differenciyalaw hám olardıń dóretiwshilik iskerligi ushın motivaciyalıq ortalıq jaratıw menen baylanıslı. Dóretiwshilik ózin-ózi tárbiyalaw pedagogtıń óziniń dóretiwshilik ózligin ańlawı, rawajlandırıwdı talap etetuǵın kásiplik-shaxslıq sıpatlardı anıqlawı hám shaxslıq hám kásiplik jetilisiw baǵdarlamasın sistemalı túrde islep shıǵıwın ańlatadı.

Izertlewshiler atap ótiwinshe, pedagogikalıq dóretiwshilik pedagogikalıq wazıypalardı sheshiwdiń eń nátiyjeli usılların izlewdi, mashqalalı tarawlar menen qarama-qarsılıqlardı anıqlay alıwdı, sonday-aq, oqıwshılarda dóretiwshilik kónlikpelerin, qıyal hám intiuciyanı rawajlandırıwdı óz ishine aladı, bul bolsa aqırǵı nátiyjede olardıń dóretiwshilik potencialın ashıwǵa járdem beredi. Bilimlendiriw ámeliyatında pedagogikalıq dóretiwshiliktiń nátiyjeli ámelge asırılıwı tikkeley muǵallimniń óziniń dóretiwshilik qábiletlerine — kásiplik iskerliginde originallıqtı kórsetiwge hám innovaciyalardı engiziwge imkaniyat beretuǵın sıpatlar menen kónlikpeler jıyındısına baylanıslı.

Házirgi zaman izertlewshileri pedagogtıń dóretiwshilik qásiyetleriniń keń kólemin ajıratıp kórsetedi. Máselen, N.V. Axmetzyanova tómendegi kompetenciyalardı kórsetip ótedi: máselelerdi óz betinshe anıqlay hám sáwlelendire alıw uqıplılıǵı; boljawlardı (gipotezalardı) usınıw hám olardı tekseriw usılların tabıw yamasa joybarlaw qábileti; maǵlıwmatlardı jıynaw hám analizlew, olardı qayta islew usılların usınıs etiw uqıplılıǵı; juwmaqlardı sáwlelendiriw hám alınǵan nátiyjelerdiń ámeliy qollanılıwın anıqlaw qábileti; máseleni pútinliginshe qamtıp alıw, onı sheshiwdiń barlıq tárepleri menen basqıshların esapqa alıw hám de jámiyetlik iskerlik jaǵdayında ulıwma sheshimge óziniń qosqan úlesin salıstıra alıw uqıplılıǵı.

E.P. Turbina dóretiwshilik qábiletler qatarına alternativlerdi bayqaw hám sáwlelendiriw, ayqın bolıp kórinetuǵın jaǵdaylardı gúman astına alıw, júzeki pikirlerden saqlanıw; máseleniń mánisine tereń eniw hám sonıń menen birge, perspektivalardı anıqlaw ushın kúnlikli turmıstan shetlene alıw; abıraylı tulǵalarǵa kór-kórana súyeniwden bas tartıw; ádettegi obyektlerdi jańa mazmunda kóre alıw; anıqsızlıqtı qabıl etiw hám jańa sheshimlerdi

izlew ushın binar (ekilik) pikirler menen turaqlı turmıslıq qağıydalardan waz keshiwge tayar bolıwdı kirgizedi.

I.A. Bartoshevich bolsa, pedagogtıń dóretiwshilik qábiletlerine: sanalı dóretiwshilik iskerligine, dóretiwshilik iskerlikti rejelestiriwge, dóretiwshilik oylardı shólkemlestiriw hám ámelge asırıwğa, dóretiwshilik iskerlik barısında kommunikativlik óz-ara tásirge, dóretiwshilik iskerlik nátiyjelerin obyektiv bahalawğa bolğan uqıplılıqtıń kiretuğının dálilleydi.

Izertlewshilerdiń kóz-qaraslarındağı ulıwma hám ayırmashılıqlı jağdaylardı birlestirip, pedagogikalıq joqarı oqıw orınları studentlerinde rawajlanıwı keleshektegi kásiplik iskerliginiń barlıq aspektlerinde pedagogikalıq dóretiwshiliktiń kóriniwine alıp keletuğın anıq qábiletlerdi ajıratıp kórsetiw múmkin:

1. Analitikalıq qábiletler. Ilimpazlar informaciyağa sın kózqarastan qaraw hám mağlıwmatlardı analizlew uqıplılığınıń zárúrligin atap ótedi. N.V. Axmetzyanova menen E.P. Turbina ayqın nárseni sın kózqarastan qayta kórip shığıwğa hám júzeki sáwlelendiriwlerden saqlanıwğa itibar qaratadı. Analitikalıq qábiletler pedagogikalıq faktlerdi bahalawdı, pikirlew procesi menen ámeliy iskerliktiń refleksiyasın óz ishine alatuğın pedagogtıń sınshıl pikirlewi menen tığız baylanıslı.

2. Pedagogikalıq máselelerdiń alternativ sheshimlerin izlew uqıplılığı. Bul qábilet sheshim variantlarınıń keń kólemin kóre alıwda, belgili qubılıslarğa jańa kózqarastan qarawda hám alternativ usıllardı sáwlelendiriwde kórinedi.

3. Óz betinshe hám baslamashıl dóretiwshilik pedagogikalıq iskerlikke uqıplılıq. Bul kompetenciya avtonom túrde islew, dóretiwshilik joybarlardı ámelge asırıwda baslamashıllıq kórsetiw, máseleli tarawlardı óz betinshe anıqlaw hám sáwlelendiriw uqıplılığın ańlatadı.

4. Anıqsızlıq jağdayında háreket etiwge tayarlıq. Bul jerde bilim alıwshılardıń jeke ózgeshelikleri menen islesiw, olardıń jeke rawajlanıw strategiyaların dúziw hám rawajlandırıwshı bilimlendiriw ortalığınıń shárayatların jaratıw; bul táwekelge barıwğa hám innovaciyalıq sheshimlerdi izlew ushın jańa múmkinshiliklerdi izertlewge tayarlıqtı da óz ishine aladı.

5. Dóretiwshilik iskerliktegi kommunikativlik kompetentlik. Dóretiwshilik iskerlik barısında bilimlendiriw procesi qatnasıwshıları menen nátiyjeli óz-ara tásir ete alıw, pikir almasıwdı, sheriklikti hám birgeliktegi joybarlardıń tabıslı ámelge asırılıwın támiyinlew uqıplılığı.

Pedagogikalıq joqarı oqıw orınınıń bilimlendiriw procesi sheńberinde studentlerdiń – keleshek pedagoglardıń – dóretiwshilik potencialın rawajlandırıw oqıtıwshılar quramınıń úyrenilip atırğan pánlerdiń predmetlik ózgesheligine sáykes túrde hár túrli metodikalıq arsenal hám didaktikalıq usıllardan paydalanıp, maqsetli, sistemalı hám izbe-iz is alıp barıwı nátiyjesinde joqarı nátiyjelikke erisedi. Keleshektegi muğallimler tárepinen ózlestiriletuğın barlıq oqıw pánlerinde qanday da bir dárejede dóretiwshi tulğanı qáliplestiriw resursınıń bar ekenligin hám ol oqıtıwdı puqta metodikalıq shólkemlestiriw shárti menen ámelge asırılıwı múmkin ekenligin atap ótiw kerek.

**Juwmaq:** Teoriyalıq qağıydalardıń analizi oqıtıwshınıń dóretiwshilik qábiletleri keleshek muğallimniń dóretiwshil shaxsın qáliplestiriwdiń tiykarğı resursı ekenligin

tastıyıqlaydı. Metodikalıq, kommunikativlik, shólkemlestiriwshilik dóretiwshilik hám dóretiwshilik ózin-ózi tárbiyalaw innovaciyalıq sheshimlerdi payda etiwdi hám studentlerdiń dóretiwshilik belsendiligin xoshametlewdi támiyinleytuǵın pútin bir sistemanı quraydı. Prioritetli kompetenciyalar sıpatında analitikalıq kónlikpeler, alternativlerdi izlew, ǵárezsiz baslamashıllıq, anıqsızlıq jaǵdayında islewge tayarlıq hám kommunikativlik kompetentligi kórsetiledi. Studentlerde bul kompetenciyalardı nátiyjeli rawajlandırıw ushın problemaǵa baǵdarlanǵan tapsırmalardı, joybarlaw hám izertlew iskerligin, pánleraralıq ámeliyatlardı sistemalı túrde engiziw hám oqıtıwshılarǵa turaqlı metodikalıq qollap-quwatlaw kórsetiw talap etiledi.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR DIZIMI:

1. Axmetzyanova N.V. Tvorcheskie sposobnosti i ix osobennosti v podgotovke uchitelya v pedagogicheskom vuze // Obrazovanie i samorazvitie. 2015. № 1 (43). 23-28.

2. Zagvyazinskiy V.I. Pedagogicheskoe tvorchestvo uchitelya. M.: Znanie, 2013. 364.

3. Martishina Pedagogicheskoe tvorchestvo. M.: Rusayns, 2023. 329.

4. Kengesbayevich, R. M. (2025). ETHNOCULTURAL ASPECTS OF VALUE ORIENTATIONS. *AMERICAN JOURNAL OF EDUCATION AND LEARNING*, *3*(1), 40-43.